# ҚАҲАРМАНЛЫҚҚА МЕГЗЕС ДӨРЕТИЎШИЛИК (ПОРТРЕТКЕ ШТРИХЛАР…)

**Нуржанов Пердебай Ержанович**

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети, Нөкис*

**Аннотация:** В статье идёт реч о заслуге известного писателья, ученого, проф. С.Бахадыровой в развитии каракалпакской прозы, литературоведения и фольклористики.

**Ключевые слова:** литературавед, фольклорист, писатель, героический пафос, синтез научного и художественного мышлений, организатор издания 100 томного каракалпакского фольклора.

**Summury:** The article talks about the merit of the famous writer, scientist, Professor S.Bakhadyrova in the development of Karakalpak prose, literary criticism and folklore studies.

**Keywords:** literary critic, folklorist, writer, heroic pathos, synthesis of scientific and artistic thinking, organizer of the publication of 100 volumes of Karakalpak folklore.

«Биреў айтар: кеше туўылсам,
Урыста мәртлик көрсетер едим деп,
Биреў айтар: ертең туўылсам,
Коммунизмге жетер едим деп.
…Рахмет саған заманым,
Өз ўақтында туўғаның ушын…»
**И.Юсупов**

Атақлы сөз шебери И.Юсупов айтып кеткен бул поэтикалық пикирлер бурынғы жәмийетти мақтаўға қурылған сыяқлы болып көрингени менен, ҳақыйқатында, ҳәр қыйлы жәмийетлик системаларда да қаҳарман атағын алмай-ақ ҳақыйқый мәртликтиң, қаҳарманлықтың үлгисин көрсетип жүргенлер туўралы айтылған болып, бундай инсанлардың өмирде, жәмийетте аз емеслиги туўралы пикир оятады. Мысалы, өз дәўириниң қаҳарманлары болған Гүлайым, Алпамыс, Қоблан, Тумарис, Ерназар алакөз, Аллаяр Досназаров ҳәм тағы басқалар ҳүкиметлик нышанлар (значоклар) алып, көкиреклерине тақпаса да, халық ядында, миллет тарийхында шын мәнисиндеги қаҳарманлар болып қала береди. Мысалы, қанлы саўашларға қатнаспай-ақ қаҳарманларға мегзес ис көрсетип, үлги боларлық өмир сүрип атырған заманласларымыз бүгинги күнлери де арамызда бар екенлиги дыққатқа ылайық. Олардың арасында лаўазымлы ислерде, көркем ҳәм илимий дөретиўшилик салаларында көпшиликке үлги болған, мәрт инсан, ҳәзир 80 жасты ылайықлы күтип алып атырған атақлы алым, филология илимлериниң докторы, профессор,

Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, илимпаз-жазыўшы Сарыгүл Баҳадырованың басып өткен өмир жолы ҳәр тәреплеме мақтаўға, көтермелеўге ылайық.

С.Баҳадырованың терең илимий-әдебий изертлеўлери менен идеялық-эстетикалық жақтан қунлы, тематикасы бай көркем прозасы арнаўлы изертлеўге турарлық. Биз оның прозасындағы баслы тема ел қорғаў, ўатан қорғаў темасының өзине тәнлиги, оның шығармаларының реалистлик сыпатларының тереңлиги ҳаққында пикир жүритпекшимиз.

С.Баҳадырова көркем прозасының айрықша бир өзгешелиги соннан ибарат, оның, ҳәттеки, айырым қатарлары да өзине қаҳарманлық сыпатты сиңирип жибергенлигин көремиз. Мысалы: «Массагетлер қыз баланы да, ер баланы да нағыз ер жетти деп биринши қан төккен күнинен баслап есаплайды. Ол душпан қаны болыў керек. Сол күни қыз, жигит ер жетти деп есапланады. Оннан кейин қәлеген адамы менен қосылыўға рухсат етиледи. Массагетлерде қыз бенен жигитти ата-анасы қоспайды. Олар әскерий жарыста бир-бирин жеңсе ғана қосылады» [Баҳадырова С., 2018. 45-46 б].

Мине, усындай, қаҳарманлық сыпатлар көзгебирден бөртип көринетуғын қатарлар оның пүткил дөретиўшилигинде көплеп ушырасады. Улыўма, оның шығармалары ҳәм идеялық-тематикалық, поэтикалық, ҳәмсоциаль-жәмийетлик, психологиялық көз-қарастан өзине тәнлиги менен айырылып турады. Сонлықтан да, С.Баҳадырованың дөретиўшилик табыслары тек халқымыз арасында ғана емес, ал, бурынғы Аўқам көлеминде унамлы баҳаланғаны тосыннан емес. Бул оның оқыўшылар аудиториясының кең екенлигин, талант қырларының қунлылығын ҳәм бийикке көтерилгенин аңлатады. Атап айтқанда, 1982-жылы бурынғы СССР Жазыўшылар Аўқамының мәжилислериниң биринде қарақалпақ көркем прозасы мәселелери додаланады. Онда белгили сыншы Қ.Камалов баянатында қарақалпақ прозасындағы Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясы менен С.Баҳадырова ҳәм тағы басқалардың повестьлери жоқары баҳаланады. Москвадағы атақлы әдебиятшылар менен жазыўшылар ҳәм аўдармашыларда шығып сөйлейди. Мысалы, Орта Азия ҳәм Қазақстан халықлары әдебияты бойынша жетик қәниге З.Кедрина С.Баҳадырованың дөретиўшилиги, оның «Ҳаяллар» повести ҳаққында: «…пүтин бир романның мазмуны енгизилген «Ҳаяллар» повестинде жазыўшы тәрепинен шешилген, сүўретлеп ашылған мәселелер жүдә қыйын. Бунда еки қаҳарманның: солдаттың жас жесириниң ҳәм оның жақын сырлас жеңгесиниң тарийхы сүўретленген. Миллий дәстүрлер, тәбият көринислерин сүўретлеген жерлерде жазыўшы халық үрп-әдетлерин ғана ашып берип қоймай, ең баслысы, еле турмыс қурмаған жас қызға тән болған муҳаббатқа садықлық пенен әдеплиликти, әдебий қаҳарманлардың характерлерин психологиялық

формаларда тереӊ ашып сүўретлеўдеги жазыўшы шеберлиги көзге түседи. «Сарыгүл дөретиўшилик өзиншеллиги қәлиплескен жазыўшы» [«Әмиўдәрья» ж., 12 б]- деп оныӊ дөретиўшилигине баҳа береди.

Тағы бир белгили әдебиятшы, маман қәниге Т.Кохманда С.Баҳадырова прозасы ҳаққында өзиниӊ унамлы пикирлер менен ортақласады. Оныӊ белгилеп өткениндей: «Ҳәзирги қарақалпақ прозасыныӊ нағыз табысларыныӊ бири – бул С.Баҳадырованыӊ «Ҳаяллар» повести болып есапланады. Шығарма турмыслық материалға оғыры бай. Онда урыс жыллары тек ғана еки еркеги бар аўылдыӊ турмысы айқын сүўретленеди, тартымлы баянланады. Зийўардыӊ тилинен баянланған ўақыяларда әдебий қаҳарман аўыл турмысындағы машақатларды ғана емес, ал, ана тәбияттыӊ гөззаллығын ҳәм әжайып адамларын айтып сыр шертеди. Автордыӊ нәзеринде еки қаҳарманныӊ: биринши муҳаббаттыӊ палын татқан Зийўар ҳәм оныӊ бахытлы деп бахытлы емес күндеси Ханзаданыӊ тәғдири китап оқыўшыларын қатты толғандырады. Повестьте Ханзаданыӊ образы реалистлик пенен, тереӊ ҳәм ҳақыйқатшыл мазмунда ашып сүўретленген. Онда Ш.Айтматовтыӊ Жәмийласыныӊ минези бар. Ол Жәмийладай өзиниӊ ҳаяллық бахтын өмирден жулып алыў ушын барлық барымға бара алады. Бул шығарма урысқа нәлет жаўдырады» [«Әмиўдәрья» ж., 32 б].

Мине бул пикирлер буннан алдын С.Баҳадырова шығармаларына байланыслы И.Юсупов тәрепинен айтылған пикирлерге уқсас. Ол жазыўшылар аўқамы мәжилисинде «Ҳаяллар» повестине жоқары баҳа берген еди. Оныӊ пикири бойынша, С.Баҳадырованыӊ «Ҳаяллар» повестиниӊ қаҳарманлары «Муҳаббат қосығы» деп жоқары көтермеленген Ш.Айтматовтыӊ «Жәмийла» повести қахарманларын еслетеди. Повестьлердеги бул уқсаслық өмир шынлығы менен жазыўшылардыӊ дүнья танымыныӊ жақынлығы себепли келип шыққанлығын аӊлаў қыйын емес. Буныӊ өзи жазыўшыныӊ жаслық жыллардан-ақ таўдай табысларға ерискенлигин, қәлеминиӊ жүйрик ҳәм өткирлигин, бәрҳама изленисте, қайралып турған талантын аӊлатады.

С.Баҳадырованыӊ көркем проза дөретиўдеги белсендилиги менен көрегенлиги, биз айтажақ болып отырған қаҳарманлық нышанлары оныӊ Уллы ўатандарлық урыс жыллары шынлығын жан титиретерлик дәрежеде сезимталлық пенен сүўретлеген «Урыстан соӊ» (журнал нусқасы «Кешиккен солдат»), заманагөй темадағы «Турмыс сабағы», ерте дәўир темасына арналған «Тумарис» (журнал нусқасы «Томарис ҳәм Кир») повестьлери менен «Тәғдир» трилогиясында айқын көзге тасланады.

Жазыўшы-илимпаздыӊ туӊғыш түрде қәлем тербеп, мол илимий изленислер менен белгили табысларға, жазыўшылық қәлемин қайраўға, шеберлигин жетилистириўге түртки болған. «Ҳәзирги заман қарақалпақ

гүрриңлери» кандидатлық диссертациясы (1970), «Роман ҳәм дәуир» (1979) мийнети, докторлық диссертациясының тексти негизинде жәрияланған «Фольклор и каракалпакская советская проза» (1984) монографиясы, «Кетаби дедам Қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар» (1992), «Қарақалпақ қандай халық» (Тошкент, 2018) деген мийнетлери, жүдә көп санлы әдебий-сынлық мақалалары халқымыздың илимий-әдебий дүньясында салмақлы орынға ийе. Демек, қысқаша түрде келтирилген усы фактлердиң өзи-ақ С.Баҳадырованың бай талантқа ийе екенлигин тастыйықлап, оның дөретиўшилик лабораториясында Орта Азиядағы әжайып ири тулғалар М.Әўезов, М.Айбек ҳәм Н.Дәўқараевлардағы сыяқлы көркемлик ойлаў менен илимий пикирлеўдиң ажыралмас синтезин аттан анық көрсетип турады. Бул өз гезегинде халқымыз ақыл парасаты менен көркем ойтанымы раўажланыўындағы өзине тәнликти, тереңликти, бийикке умтылыўды аңлатып, әдебиятымыздың раўажланыўына қосылған салмақлы үлес болып табылады.

С.Баҳадырова, дурысында да, белгили әдебиятшы З.Кедринаның айтқанындай-ақ, әдебият майданына өткен әсирдиң жетписинши жылларында ең алды менен аз-кем гүрриңлер жазыў, «Ҳаяллар» повестин (журнал нусқасы «Екинши муҳаббат») жәриялаў арқалы көзге түсти. Шығарма сол ўақыттың өзинде-ақ жоқары баҳаланып, жаслар, улыўма, әдебият ықласбентлери арасында унамлы түрде тилге алынып, қолдан қолға өтип оқылатуғын дөретпелердиң бирине айланды десек, асыра силтеў емес. Шығарма сол жыллардағы Т.Қайыпбергенов, Ш.Сейтов, У.Пиржанов, К.Смамутов, С.Салиевлердиң, кейин ала жарық көрген К.Рахманов, Д.Шерниязова, Б.Аймухамедова, Е.Өтепбергенли, Х.Дәўлетназаровлардың лирикалық, лирио-психологиялық повестьлери сыяқлы өзине тән стильге ийе болып, ўақыялар әдебий қаҳарманлардың тилинен баянланады. Шығарма сюжетлик-композициялық көзқарастан субъектив-психологиялық принципке, аналитикалық сүўретлеўлерге қурылған. Онда бас әдебий қаҳарман өмирбаянының белгили бөлеклери, атап айтқанда, Ўатандарлық урыс дәўириндеги қарақалпақ аўылларының биринде жасаўшы Зийўардың классты питкере сала қара мийнетке жегилиўи, Кеңес деген жас өспирим бала менен пахта, ғаўаша қатар араларын ақсай менен шүдигарлаўға теңдей қатнасыўы, аўылға қалалық жигиттиң ўәкил болып келиўи, заманагөй пишимдеги азаматты Зийўар менен урыста еринен қара қағаз келип жесир қалған Ханзаданың теңнен унатып қалыўы, зыялы жигиттиң ҳәр бир ҳәрекетин, жүрис-турысын, оның адамгершиликли қылўаларын жас нәўше қыз Зийўар менен тис қаққан, өз ойларын жасырмай айта алатуғын Ханзаданың бақлап барыўлары, солардың барлығының Зийўар тилинен баянланыўы, Зийўар менен жигиттиң шын муҳаббаты арасына түсип жеңилтеклик еткени ушын Ханзаданы жасы

үлкенлердиң арбаға байлап қойып сабалаўының жүдә тәсирли сүўретлениўи оқыўшы журтшылықтың жүрегин ләрзеге келтиреди. Келиншектиң бригадир қайнағасының қатаң ескертиў сөзлерине жуўап ретинде: «Мениң қолымнан не келеди қайнаға. Мен бир жүдә жесир болайын деп пе едим…» - деген сөзлеринде қаншелли муң-шер жәмленген дейсең. Повестьте буннан басқа да трагедиялық пафосқа ийе ҳәдийселер көплеп сүўретленеди.

Улыўма повестьтеги ўақыялар сол дәўир ҳақыйқатлығына сыйымлы, исенимли түрде сүўретленген. Олардың әдебий қаҳарманның тилинен берилиўи, шығарма қурылысында авторлық баянлаўдан тысқары драматизм менен терең ойлылыққа толы диалог ҳәм ишки монологлардың қолланылыўы, хат формасыныңислетилиўи, қыймыл-қозғалыслар, пейзажлық сүўретлеўлердиң тәсиршеңлиги менен ажыралып турады.

С.Баҳадырованың тың темаға, әййемги массагетлердиң батыр қызы Тумариске арналған повести де дыққатқа ылайық. Шығарманың сюжетлик раўажланыўында қаҳарман ҳаял Тумарис пенен Персия патшасы Кир арасындағы қарама-қарсылықларға негизленген әдебий конфликт үлкен әҳмийетке ийе. Шығармада илимий публицистикалық баянлаўдың орынлы ислетилиўи, ҳәр қыйлы географиялық атамалар менен тарийхый дәўирге тийисли терминлердиң өнимли қолланылыўы, массагетлердиң түп бабасының саклар менен байланысы туўралы аўызеки әпсаналар менен гүрриң-әңгимелердиң дурыс таңланыўы ҳәм шеберлик пенен ислетилиўи дыққатқа миясар. Тумарис пенен перслер патшасы Кир арасындағы кескин қарама-қарсылыққа тийкарланган шығарма конфликти оқыўшы дыққатын дәрриў-ақ өзине тартады. Қанлы саўашлардан соң перслердиң жеңилип Кирдиң геллесиниң мес толы қанға батырып жиберилиўи жүдә өткир сюжет детальлары, жанлы картиналық көринислер менен поэтикалық формалар: диалог, ишки монологтың автор баянлаўлары менен синтезленип келкен түрлери, пейзажлар, әдебий қаҳарманлардың сыртқы түр-пишиминдеги, дәл психологиялық ҳалатлардағы сыпатлы белгилерин ашыўшы портретлик, мимикалық, қыймыл-қозғалыс формаларының ислетилиўи ҳәм тағы басқалар китап оқыўшыларға халқымыздың узақ өтмиштеги қаҳарманлығын жанландырып елеслетеди. С.Баҳадырова повести еле де көбирек, толығырақ ҳәм тереңирек сөз етиўге ылайық. Ол әдебиятымызда усы темаға арналған А.Әбдиевтиң, Ҳ.Өтемуратованың, Г.Дәўлетованың ҳәм басқалардың шығармаларынан тәўир-ақ алдын дөретилди. Ол автордың көп ғана илимий изленислеринен кейин туўылған көркем проза үлгиси. Бул туўралы автор өзиниң «Қарақалпақ қандай халық» деген китабында: «Тумарис туўралы тарийхый материаллар Москвадағы бас китапханада докторлық жумысымды жазып атырғанда алдымнан қайта-қайта шыға берди, шыға берди. Соңынан

докторлық диссертациямды ысырып қойып, бул темаға қызғын кирисип кеттим. Тумарис туўралы шығарма жазбаўға мүмкин болмай қалды»-деп жазады [Бахадырова С., 2018. – 67 б].

Әлбетте, усындай жанлы умтылыў, айрықша пафос болмаған жерде узақ алыстағы тарийхый дәўир менен Тумарис тулғасындағы қаҳарманлықты ашып бериў мүмкин емес. «Тумарис» повести дәслеп «Әмиўдәрья» журналында «Томарис ҳәм Кир» (1999. – №3-4) деген ат пенен жәрияланып, соңынан өзбек тилинде Музаффар Ахмадтың аўдармасында (Тошкент, «Узбекистон», 2016) китап болып басып шығарылды. Ал соңынан шығарма қарақалпақша «Тумарис» деген атама менен басылды (Тошкент, «Навруз», 2018).

С.Баҳадырованың адамгершилик пазыйлетлери өз алдына. Буған мен 1985-жылы ӨзРИАҚБ Н.Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтына жумысқа кирген күнимнен баслап гүўа болғанман. Университетте әдебияттан диплом жумысын жақлаўым келешекте мениң усы бағдарда изертлеўши болыўыма негиз таярлаған еди. Усы себепли мен академияға келген соң келешек илимий жумысымның темасы, улыўма илимий искерлик ҳаққында Сарыгүл апа Баҳадырова менен тез-тез пикирлесип, қызыққан сораўларга жуўап тапқандай болар едим. Ол: «Пердебай илим деген сондай нәрсе, оған шынтлап бир кирдиң бе, оннан қайтып шығыўың қыйын» деп айтыўын қайта-қайта тәкирарлаўдан жалықпас еди. Бул мениң илим жолындағы бар жуўапкершиликти сезиниўиме жәрдем бергенин жасырмайман. Ол ўақытлары Илимлер Академиясы имаратының гөне корпусы дәлизин әдебиятшылардан Зейтуна Насруллаева, Артық Каримов, Айдар Муртазаев, Айымкул Пирназаровлар, тилшилерден Досжанбай Насыров, О.Доспанов, Раўия Есемуратова, Мамыт Қәлендеров, тарийхшылардан академик Сабыр аға Камалов, Абдикерим Қошанов, Узақбай Қальниязов ҳәм т.б. толтырып жүрер еди. Булардың ишинде мен проза бойынша кандидатлық ҳәм докторлық диссертациясын жақлаған, өзи де белгили жазыўшы С.Баҳадырованы өзиме жақынырақ көрер едим ҳәм ийни келседәрриў оның менен келешектеги илимий жумыс бағдарым бойынша сөйлесиўге умтылар едим. Өйткени келешекте менде проза бойынша илимий жумыс тжазсам деген пикирди кеўлиме түйип жүрер едим. Юбилярдың кандидатлық диссертациясына атақлы әдебиятшы М.Нурмухамедовтың, докторлық жумысына бурынғы Аўқам миллий әдебиятлары бойынша белгили қәниге Зоя Сергеевна Кедринаның илимий басшы болғанлығы да мени қызықтырар еди, усындай дүньяға белгили әдебиятшыларға шәкирт болсам деген әрман менде де жоқ емес еди. Енди ойлап көрсем, усылардың ҳәммеси бизиң келешек илим мәсканым сыпатында Москваны, онда да Сарыгүл апаның илимий басшысы З.Кедрина жумыс

ислейтуғын М.Горький атындағы Жәҳән әдебияты институтын таңлаўым тосыннан болмаған екен. Буның ушын әлбетте юбилярға миннетдарман.

1989-жылдың декабрь айынан баслап мен Москвадағы М.Горкий атындағы Жәҳән әдебияты институтына 2 жыл илимий стажировкаға жиберилдим, кейин аспирантураға түстим. Усылай етип бизиң де көкирегимиздеги әрманымыздың орынланыўына негиз таярлана баслады, Москвада ИМЛИ де оқыўын баслаған бизге атақлы әдебиятшы Зоя Григорьевна Османованың бекитилиўи болса бизиң де жуўапкершиликти сезинип, юбилярға усап жумысымды өз ўақтында жақласам деген нийеттиң пайда болыўына тийкар болды.

Москвадағы жумысымды өз ўақтында жақлап дипломлы қәниге сыпатында Илимлер академиясына қайтып, Сарыгүл апа қараўында үлкен илимий хызметкер, илимий хаткер лаўазымларында жумыс ислеген дәўиримдеде оннан көп нәрсе үйрендим. Ол илимде ҳеш қашан бир жерде тоқтап қалмаў кереклигин жасларға айтыўдан жалықпас еди. Усы себепли шығар, кейин ала илимий жумысты даўам еттирип докторлық жумысты жақлаўдың зәрүрлигин түсинип жетиўиме юбилярдың өз ўақтында берген устазлық нәсияты да тәсир еткен шығар, бәлким.

Биз мақаламызға «Қаҳарманлыққа мегзес дөретиўшилик» деп атама қойғанымызда юбилярдың ата-бабаларымыздай қайсарлық пененҳәрекет етиў уқыбын, прозасында мәртлик, қаҳарманлық темасын сүўретлеў барысындағы өзине тәнликти, илим машақатларын жеңиўдеги батырлықты нәзерде тутқан едик. Буны оның ғәрезсизлик дәўирине келип репрессия темасына арналған «29 жыл түрмеде» (И.Фазылов ҳаққында), «Қанатынан қайрылған суңқар» (Н.Дәўқараев ҳаққында) ҳәм т.б. шығармаларын дөретиўи, неше жыллардан соң «Тәғдир» трилогиясының 3-китабын жазып оқыўшыға жеткериўге өзинде күш таба алыўы, «Алпамыс», «Қырққыз», «Едиге» халықаралық конферениясларын Нөкисте өткериўге жүрек етиўи ҳәм т.б. оның ибратлы ислериюбилярдың өткирлигинен, оның өтмишимиздеги мәрт қарақалпақ ҳаялларына тән қаҳарманлық сыпатларға ийе екенлигинен дәрек береди.

Улыўма, С.Баҳадырованың илим ҳәм әдебият майданында қарақалпақ ҳаял-қызларының сәрдары болып өмир сүрип атырғанын, бүгинги әўладқа үлги боларлық бахт-саодатқа ерискенин көрип биз шәкиртлери қуўанышқа бөленемиз. Юбилярдағы қайсарлық пенен мәртлик оның изин басып киятырғанлар, келешек әўлад ушын үйрениў мектеби болатуғыны анық.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Баҳадырова С. Тумарис. повесть. Тошкент «Навруз», 2018;

2. З.С.Кедринаның сөзинен; Т.Т.Кохманның сөзи // «Әмиўдәрья» журналы, 1982. – №11.

3. Баҳадырова С. Қарақалпақ қандай халық. Ташкент, 2018;